



Jwenn yon Travay ak Patisipe Nan Kominote W

Kalite Sèvis yo

Founisè sèvis OPWDD yo sipòte moun ki gen andikap devlopmantral epi ba yo mwayen pou atenn objektif yo. Pou kèk moun, sa ka vle di yo gen yon travay ak yon karyè. Pou lòt moun, sa ka vle di yo aprann nouvo konpetans ak patisipe nan kominote pa yo, oswa toude. Sèvis OPWDD yo ka ede moun yo jwenn bon konbinezon travay ak aktivite kominotè pou atenn objektif ak enterè yo.

Sèvis ki annapre yo ka itilize separeman oswa ansanm pou ede moun yo atenn objektif yo epi patisipe nan kominote pa yo.

Chemen pou Travay ede moun yo detèmine sa yo ka fè ak sa ki enterese yo. Chemen pou Travay ede moun jwenn eksperyans travay tou, aprann konpetans travay epi devlope yon plan karyè. Sèvis Chemen pou Travay yo ka pwograme alantou lòt aktivite moun nan.

Sèvis Prepwofesyonèl Kominotè yo bay fòmasyon konpetans ki gen rapò ak travay ak eksperyans pwofesyonèl. Sèvis prepwofesyonèl yo ka gen ladan yo travay benevòl k ap pèmèt moun yo aprann konpetans jeneral ki gen rapò ak travay ki pral ede yo prepare ak reyisi nan yon travay. Sèvis Prepwofesyonèl Kominotè yo kapab ede moun yo aprann nouvo konpetans ki pral prepare yo pou jwenn yon nouvo travay.

Pwogram Fòmasyon pou Travay ofri estaj peye ki mennen nan travay. Estajye yo eksplòre diferan kalite travay, planifye karyè yo epi eseye divès eksperyans travay. Dapre eksperyans sa yo, yo etabli yon estaj ak yon konpayi lokal. Pandan estaj la, yon pwofesyonèl sipò pou travay pral asiste estajye a. Lè yon estajye aprann travay jan anplwayè a mande sa, konpayi an rekrite li dirèkteman. Yon fwa estaj la fini avèk siksè, moun yo ka kontinye benefisye sèvis Anplwa Asiste yo.

Sèvis Anplwa Asiste yo ede moun yo jwenn aksè, kenbe ak devlope karyè yo chwazi yo. Pwofesyonèl asistans travay yo ede moun yo jwenn travay ki koresponn ak konpetans yo ak enterè yo. Atravè sèvis Anplwa Asiste yo, moun yo aprann konpetans pou travay, devlope endepandans ak reyisi nan espas travay la.

Sèvis Abilitasyon Kominotè yo ede moun yo devlope konpetans nan domèn sekirite, endepandans, kominikasyon, jesyon lajan, ladrès sosyal, enklizyon kominotè ak swen pèsònèl. Sèvis Abilitasyon Kominotè yo fèt pou ede moun yo atenn objektif pèsònèl yo.

Sèvis Abilitasyon Lajounen yo ede moun yo devlope konpetans epi yo dwe aktif nan kominote pa yo. Moun yo ka sèvi kòm volontè, pran kou edikasyon adilt epi rantre nan klèb ak lòt òganizasyon. Sèvis yo ede moun yo vin pi endepandan, devlope ladrès sekirite, eksplòre enterè yo, reyalize objektif oswa prepare pou travay.

Konekte ak Sipò e Sèvis OPWDD yo



Eskane pou w aprann kijan pou aplike pou elijiblite ak sèvis OPWDD yo, **oswa vizite** <https://opwdd.ny.gov/get-started/front-door>.

Èske w gen kesyon sou travay OPWDD ak sèvis kominotè yo?

Imèl: employment.vocational.services@opwdd.ny.gov
oswa day.community.services@opwdd.ny.gov



Eskane pou vizite: <https://opwdd.ny.gov/types-services/employment-services>



**Office for People With
Developmental Disabilities**